

Dwa Malad yo

Dwa ke nou pral site anba a yo garanti selon lalwa Florid. Yo pral byen eksplike w yo lè wap entène epi aprè w finn entène nan etablisman an. Yo pral ba w yon kopi fòm sa a pou kenbe pou tèt ou. Ou genyen dwa pou li lwa ak règleman Baker Act lan nenpòt lè. Siyati w sou fòm sa a , si w chwazi pou siyen li, siyifi senpleman ke yo te eksplike w dwa sa yo epi yo te ba w yon kopi fòm sa a.

Diyite Endividyle

Ou genyen dwa a diyite endividyle ansanm ak aksè a tout dwa konstitisyonèl. Ak Federal pou Ameriken ki genyen Enfimite (The federal Americans with Disabilities Act [ADA]) aplikab a moun ki nan etablisman sa a.

Dwa pou Malad Volontè Mande Egzeyat

Si w mande pou yo egzeyate w, yo pral fè doktè w konn sa epi yo pral egzeyate w nan yon delè de 24 èdtan nan etablisman dakèy deziye epi nan yon delè de 3 jou san konte fennsemèn ak jou ferye nan yon etablisman yo bay tretman, amwenske ou anile demann lan oswa ou reponn a kritè pou plasman envelopontè. Si w reponn a kritè pou plasman envelopontè, administratè lopital la dwe fè yon demann nan tribinal la pou ka rete nan etablisman an nan yon delè de de (2) jou apati de lè ke w mande egzeyat la.

Lè w Deziye yon Reprezantan

Yo pral mande w pou idantifye yon moun ke yo ka kontakte an kadijans. Epitou, si w nan etablisman sa a pou yon egzamen envelopontè epi ou pa genyen yon gadyen ke tribinal la nommen, yo pral mande w pou deziye yon moun ke w chwazi pou resevwa avi de prezans ou nan etablisman sa a, amwenske ou mande ke yo pa avize pèsonn. Si ou pa deziye oswa ou paka deziye yon reprezantan, etablisman an pral chwazi youn pou ou nan yon lis moun ki gen priyore. Ou genyen dwa pou yo konsilte w konsènan moun ke etablisman an chwazi epi ou ka mande pou yo ranplase reprezantan sa a.

Konfidansyalite Enfòmasyon ak Dosye yo

Enfòmasyon konsènan tan ke w fè nan etablisman sa a konfidansyèl epi yo pa kapab piblye, eksepte nan sikontans espesyal, san konsantman w (oswa konsantman gadyen oswa avoka gadyen w si w genyen youn). Sikontans espesyal enkli enfòmasyon ke yo pibliye bay avoka w, paske yon tribinal mande sa, paske yon moun ki bay tretman aprè yon operasyon mande sa, oswa aprè yon menas pou fè tò a yon lòt moun. Yo ka bay paran w oswa yon fanmi pwòch ou enfòmasyon san konsantman w, ki limite a yon rezime plan tretman w lan epi kondisyon fizik ak mantal ou koulye a, avèk apwobasyon pèsonèl ki ap ba w tretman an. Ou genyen dwa pou gen aksè rezonab a dosye klinik ou amwenske doktè w detèmine ke aksè a dosye w ka koze w tò.

Tretman

Ou genyen dwa pou resevwa tretman ki pa limite, ki disponib, epi ki apwopriye nan etablisman sa a. Ou pral fè you egzamen medikal nan yon delè de 24 èdtan apati de lè ou rive nan etablisman an epi yo pral mande w pou ede nan devlopman yon plan tretman ki reponn a bezwen pa w. Kritè, pwosedi, ak antrenman ki egzije pou manm pèsonèl la ke etablisman an itilize pou kontrent, solitud, izolasyon, demann pou tretman nan kadijans, nivo sipèvizon de prè, oswa jesyon fizik disponib pou egzamine. Yo pa ta dwe janm itilize entèvansyon sa yo kòm pinisyon, pou konvenans manm pèsonèl lan, oswa pou konpanse pou mank pèsonèl.

Konsantman Eklere

Anvan ou resevwa nenpòt tretman, yo pral ba w enfòmasyon konsènan tretman yo konte ba w, ki bi tretman an, efè segondè ki komen, tretman altènatif, apeprè konbyen tan swen an ap dire, epi oumenm, gadyen w oswa avoka gadyen w ka revoke tout konsantman ki bay a nenpòt lè. Si tretman ou te bay konsantman pou li a chanje a nenpòt moman pandan sejou ou nan etablisman sa a, pèsonèl etablisman an pral eksplike w tout bagay anvan ke yo mande w konsantman w pa ekri pou tretman an yo chanje a.

Rad ak Efè Pèsonèl

Ou gen dwa pou kenbe rad ou ak efè pèsonèl ou amwenske yo retire yo pou rezon sekirite oswa medikal. Si yo pran yo nan men w, yo pral prepare yon envantè de tout sa w genyen epi yo pral ba w siyen li. Yo pral remèt ou oswa reprezantan w tout zafè w imedyatman lè yo egzeyate w oswa yo transfere w yon lòt kote.

Kominikasyon

Ou genyen dwa pou kominike alèz epi an prive pa telefòn, pa lapòs, oswa dwa pou moun ke w vle vizite w pandan sejou ou nan etablisman sa a. Ou gen dwa pou fè kout telefòn lokal gratis epi yo pral ba w aksè a sèvis long distans pou ka fè apèl kòlet. Si kominikasyon limite, yo pral baw yon avi pa ekri pou esplike w rezon limitasyon yo. Etablisman sa a nan obligasyon pou li devlope règ rezonab konsènan vizitè, lè pou vizit yo, ak itilizasyon telefòn men yo paka limite w nan aksè pou pale ak avoka w, aksè a yon telefòn pou rapòte abi, pou kontakte Komite pou Asistans nan zafè Dwa de Lòm (Human Rights Advocacy Committee) oswa Sant Asistans pou Moun ki genyen Enfimite (Advocacy Center for Persons with Disabilities). Men plizyè nimewo telefòn gratis ou ka vle kenbe:

Florida Abuse Registry (Nimewo pou rapòte abi) 1 800 96-ABUSE ou (800) 342-9152

Human Rights Advocacy Committee (Nimewo pou Komite Dwa de Lòm) 1 800 342-0825

Advocacy Center for Persons with Disabilities (Nimewo pou moun ki gen enfimite) 1 800 342-0823

Prezante an Pèsom

Oumenm oswa reprezantan w genyen dwa pou mande tribinal la pou revize lakòz ak legalite detansyon w nan etablisman sa a oswa si w kwè ke yo nye san rezon yon dwa legal oswa yon privilèj ke w genyen oswa ou kwè ke yo abize yon pwosedi ki otorize. Pèsonèl la pral ba w yon fòm demann nenpòt lè ou mande l. Si w vle fè yon demann pou parèt an pèsom, ou ka soumèt li bay yon manm pèsonèl nan etablisman an, epi yo pral anrejistre li nan tribinal la pou ou pa pita ke pwochen jou tribinal la louvri.

Vòt

Ou gen dwa pou anrejistre pou vote epi pou vote nan nenpòt eleksyon amwenske tribinal la retire dwa sa a pou ou. Pèsonèl la pral ede w fè aranjman pou anrejistre oswa pou vote.

Egzeyat

Ou gen dwa pou chèche tretman nan men yon pwofesyonèl oswa ajans ou chwazi aprè w finn egzeyate nan etablisman sa a.

Siyati Malad la	Dat (mwa/jou/lane)	Lè	am pm
-----------------	--------------------	----	-------

Siyati, si sa aplikab, de <input type="checkbox"/> Gadyen <input type="checkbox"/> Avoka Gadyen	Dat (mwa/jou/lane)	Lè	am pm
<input type="checkbox"/> Reprezantan <input type="checkbox"/> Moun/Mandatè ki ka pran desizyon madikal nan plas mwen			

Siyati Temwen	Dat (mwa/jou/lane)	Lè	am pm
---------------	--------------------	----	-------

Orijinal fòm sa a dwe rete nan dosye klinik lan kòm resi ke malad la te resevwa avi de dwa li lè li rantre nan etablisman an. Yo dwe bay malad la epi tout moun ki otorize pou pran desizyon pou moun ki enkonpetan oswa envalid akòz de laj oswa enfimite yon kopi fòm sa a.

cc: Tcheke lè sa aplikab epi mete inisyal/dat/lè ke w resevwa kopi a

Endividé	Dat ou Reseuvwa Kopi a (mwa/jou/lane)	Lè ou Reseuvwa Kopi a	Inisyal Moun ki Bay Kopi a
<input type="checkbox"/> Malad		am pm	
<input type="checkbox"/> Gadyen		am pm	
<input type="checkbox"/> Avoka Gadyen		a m pm	
<input type="checkbox"/> Reprezantan		am pm	
<input type="checkbox"/> Moun/Mandatè ki ka pran desizyon madikal nan plas mwen		am pm	

See s. 394.459, 394.4615, Florida Statutes

CF-MH 3103-C, Jan 98 (Recommended Form)

BAKER ACT